P. O. Box FM 701, Famona, Bulawayo, Zimbabwe
Mobile: +263 11 213 885
info@wozazimbabwe.org
www.wozazimbabwe.org

# Kubatsira mhuri ye Zimbabwe kunzwisisa ne kunyora Bumbiro ravo re Mitemo -

## batsiro kubva ku WOZA ne MOZA

**Mavambo:**

Bumbiro re mitemo re Zimbabwe rirpo iyezvino rakanyorwa mugore ra 1979 se chibvumirano chekupedza hondo. Mugore 2000, nhaurwa maererano nezve bumbiro re mitemo dzakaitwa munyika yose asi mhuri ye Zimbabwe yakaramba bumbiro racho nokuda kwezvikonzero zviviri:

- Vanhu Havana kudavira kuti zvavakange vataura munhaurwa zvakange zvaremekedzwa nokuiswa mubimbiro iroro. Bumbiro iroro harina kunatso taridza zvido nezvakange zvataurwa ne vanhu.
- Bumbiro iroro harina kutapudza masimba a President kana kuti mutungamiriri we nyika.

Mukuramba bumbiro iroro vachivhota kuti **KWETE** mhuri ye Zimbabwe yakasarudza kuenderera mberi ne bumbiro re Lancaster House rakanga rashandurwa kanokwana kagumi neka pfumbamwe zvichiwedzera masimba a President.

Mushure memakore anenge gumi, tatarisanazve nenyaya yebumbiro re mitemo asi iyezvino nemhaka ye chibvumirano chezvamatongerwe enyika chakanyoreranwa pasi nemapato ezvematongerwe enyika (GPA). Muchibvumirano ichocho vezvematongerwe enyika ndivo vanofanira kutungamirira zvekugadzirisa bumbiro idzva remitemo. Muchanzwa nezvebumbiro rinonzi **KARIBA DRAFT** rinonzi neve zvamatongerwe enyika ndiro rinofanira kuva hwaro hwebumbiro remitemo idzva renyika. Tichatsanagudza zvimwe zvakanangana nezve bumbiro irori kuti muone kuti mhuri ye Zimbabwe inogona kunyora bumbiro ririnane kune rinonzi Kariba Draft. **WOZA** ne **MOZA** tinoda kubatsira mhuri ye Zimbabwe kuti ipindire muurongwa uhwu huye kuti igone kunyora bumbiro ratinoda tose. Tinodavira kuti tinofanira kunyora bumbiro redu remitemo kubva pakutanga kusvika pakupera kwaro. Ichi ndicho chinangwa chegwaro rino ratakanyora.

Tokumbira muverenge mvundzo yekugumisira pagwaro uru; zhichakupatsira kuti unzwisise nhau zakajeka nezwe Bumbiro Remitemo.



**8) Makomisheni anoiswa nebumbiro romutemo**

a) Nde api makomisheni matatu akasiyana angaiswe mubumbiro romutemo?
b) Ndezvipi zvitatu zvakakosha zvatinofanirwa kufunga zvichienderana nemakomisheni akaiswa nebumbiro?
c) Nde api mamwe makomisheni amunofunga kuti angawedzerwa mubumbiro romutemo?
d) Unofunga kuti vamiriri vanofanira kudomwa sei?

**9) Mitemo yezvekudyidzana nenyika dzekundze**

a) Ndiani anosaina zvibvumirwano nedzimwe nyika kana nedimwe nyika parizvino?
b) Izvi zvinoita sei kuti zvive mutemo weZimbabwe?
c) Ndezvipi zvazvakashatira parizvino?
d) Munofunga kuti tingachinja here matorero atinoita zvibvumirwano zvinobva kunedzimwe nyika mumutemo wedu? Kana iri hongu, tingaita sei?

**10) Kushandurwa kwebumbira romutero**

a) Parizvino bumbiro romutero rinosandurwa sei?
b) Chii chakashata pagadziriro dziripo parizvino?
c) Zvii zvamunofunga kuti zvingaitiwe?

d) Zvingaita here kuti munhu anemasimba aripamusoro nemukanwa unomuita kuti ave pamsoro pemutemo?
e) Bumbiro remutemo ringadzivirire sei vanemasimba epamusoro kuti vatore zvisungo pachavo?
f) Nde api matambudziko angavapo musure mekunge mutungamiri adoma vamiriri vese vane zvinzimbo zvepamusoro?
g) Ndedzipi nzira dzamungade kuona dzichiitwa pakudomwa kwevanotimirira kunedzimwe nyika, nemapoka ehurumende akazvimirira nevanyori vakuru nemagavuna etc
h) Bumbiro remutemo ringaisa muganhu here panhano recabinet?

**5) Sarudzo**

a) Tinofanira here kuva nenguva yakatarwa yevanoshanda muparamende, pasina anemasimba ekuyiparadza, kana kuti mutungamiri anemasimba akanyanya angave nesimba rokuparadza paramende odaidza sarudzo idzva.
b) Ndezvipi zvikama zvikaita kuti tive nechokwati kuti vano onanesarudzo vakazimirira voga.

**6) Masimba ekutonga dzimhosva**

a) Zvinorevei kuva nepato redzimhosva rakazvimirira roga?
b) Chii chakakosha kunevedzimhosva kuti vazvimirire vega muutongi unobvumira zvido zvevanhu?
c) Zvii zvingaitwa mubumbiro zvingaratidza kuti vanotonga dzimhosva vakazvimirira voga?
d) Nde api matanho angashanda kuitira rusununguko.

**7) Kuparadzwa kwemasimba kumatunhu**

a) Nde api matambudziko akatarisana nehurumende dzematunhu mubumbiro riripo parizvino.
b) Munofunga kuti itano rakanaka here kuti tive nehurumende dzematunhu dzakasarudzwa? Nei?
c) Kana wati hongu muna (b) nde api masimba awunafunga kuti hurumende yematunhu ingavanawo?
d) Zvikamu zvesarudzo dzevatungamiri ve nharaunda nemasimba awo zvingaiswe here mubumbiro romutemo idzva?
e) Zvii zvamunofunga kuti zvingaitwe mubumbiro zvingaite kuti vatungmiri venharundas vatungamirire vanovasarudza pamwe nekushandisa mari nendzira yakajeka.



## A: ZVATINOFANIRA KUZIVA NEZVE MABUMBIRO EMITEMO

***1. Chiiko chinonzi Bumbiro re Mitemo?***

- Mutemo unotaura kuti ndiani achatitungamirira huye kuti vachatungamira sei.
- Zvinobatanidzira kodzero dzedu semhuri ye Zimbabwe.
- Mutemo uri pamusoro pemitemo imwe yese pamwe neingapokane nawo.
- Mutemo unodzivisa kana kukurira zvingaitwa ne hurumende zvinopokana nemutemo iwowo.
- Mutemo unofanira kunyorwa kuburikidza nekutaurirana kwavanhu vazhinji vemunyika nekuti ndiyo nzira yavo yekuti vachatungamirirwa sei.

***2. Ndezvipiko zvirimo mubumbiro remitemo?***

Bumbiro remitemo riripo iyezvino rine zvakananga nezvinotevera:

- Zvekuva chizvarwa kana kuti mwana wevhu wenyika ino;
- Kodzero dzedu;
- Masimba ne mabasa evanotungamirira nyika vakaito sa President navatevedzeri vake pamwe namakorokota ake navashandi vehurumende;
- Paramende pamwe nezve sarudzo;
- Vematare edzimhosva;
- Mapurisa ne mauto;
- Makomisheni akazvimirira;
- Zvemari yenyika.

***3. Tingaziva seiko kuti toisa zvipi mubumbiro remitemo?***

Pane nzira dzakawanda dzakasiyana-siyana dzekutungamirira nyika. Muno mu Zimbabwe kubva 1980, tagara tichingoti tinoda utongi kana kuti utungamiriri hwejekerere. Bumbiro redu riripo iyezvino rine zvikamu zvinokonesa kuti tive neutungamiriri hwejekerere. Izvi zvinoreva kuti tinofanira kushandura zvakawanda kuti tikwanise kuvaka utongi hwejekerere munyika yedu.

***4. Ndezvipi zvinangwa zvinofanira kucherechedzwa mubumbiro remitemo rejekerere?***

- **Umiririri:** vanotungamirira nyika vanofanira kusarudzwa navanhu huye vanofanira kumirira zvido zvevanhu.
- **Kuzvidavirira:** avo vanotungamirira nyika vanofanira kuudza vanhu zvavari kuita, huye vanhu vanofanira kuva nesimba rekuvagadzirisa kana kuvabvisa kana vasingaiti zvinodiwa nevanhu.
- **Kuparadzaniswa kwemasimba:** masimba akasiyana ehurumende anofanira kuparadzaniswa kuti asabatwa nemunhu mumwechete huye kuti munhu mumwe asave nemasimba akawandisa.

- **Zvido zvevanhu:** bumbiro remitemo rinofanira kutaura kuti vanhu vane kodzero dzipi nokuchenjerera kuti pane nzira yekuti zvido izvozvo zvichengetedzwe kukudzwa nekudzivirirwa.

***5. Marudzi api emasimba anodudzirwa mubumbiro remitemo?***

Kune marudzi matatu emasimba anofanira kuva nehurumende:

a. **Masimba ekuisa mitemo:** aya masimba ekunyora mitemo mitsva;
b. **Masimba ekutungamirira:** aya masimba ekushandisa mitemo mukufambisa nyika;
c. **Masimba ekutonga dzimhosva:** aya masimba ekuona kuti mitemo inochengetedzwa navanhu vose munyika, vanenge vatyora mitemo vachitongwa mumatare edzimhosva.

Munyika ine kutonga kwejekerere, masimba aya haafaniri kunge akabatwa nemunhu mumwe chete kana kuti chikwata chimwe chete; anofanira kubatwa nezvikwata zvakasiyana pasina kuti chimwe chikwata chinopindira mukushanda kwechimwe kana kuti kwezvimwe. Zvikwata izvi zvinebasa rekuongorora kuti zvimwe zvikwata zvirikuita mabasa azvo nemazvo here maererano nemitemo yenyika.



f) Ndekupi kukakaradzana kuripo pakuisa kana kusaisa mubumbiro romutemo? Nde api maonero ako – zvinofanira kuvapo here?
g) Ndezvipi zvikamu zvamunoda kuti zviwedzerwe mubumbiro zvingabetsera kuti kodzero dzevanhu dzisashungurudzwe?

**3) Masimba ekuisa mitemo (eParamende)**

a) Nderipi basa reparamende?
b) Nderipi dambudziko ratinaro parizvino neparamende yedu?
c) Tinedzimba ngani muparamende yedu yeZimbabwe parizvino.
d) Kuwedzerwa kweSenate muna2005 kwashandura maitirwo emutero muZimbabwe?
e) Unofunga kuti zvakakodzero here kuva nedzimba mbiri dzeparamende kana kuti tiite imwe chete?
f) Chii chinorehwa nekuvota kwemiganhu yematunhu?
g) Tsanangura kuti zvekumirira mapato zvinoshanda sei?
h) Ndeipi ndzira yatinayo muZimbabwe parizvino – kumirira matunhu kana kumirira mapato?
i) Ndeipi ndzira yatinofungiro kuti ingatipa paramende irinani? Nei? (Usakanganwe mashandiro eparamende kana wakuita mafungiro ako.)
j) Tinoda here vamiriri veparamende vanodomwa (vasina kusarudzwa)?
k) Munofunga kuti tingaise madzishe here mudare guru reparamende? Kana kuri hongu, tingavaisa sei, kana iri kwete, nei irikwete?
l) Munofunga kuti kungava nevanhu vangani muparamende, muchizviisa mupfungwa kuti muna 1980 tangatine zano (100), asi nhasi tine vanopfura mazana matatu (300)
m) Vamiriri veparamende vangabvumidzwa here kuramba vainezvigaro zvavo kana kurikuti vachinja pato musure mekunge vasarudzwa?
n) Munofunga kuti zano rekuti mumiriri avoterwe patsva rakanaka here, izvi zvingashanda here kuitira kuti vamiriri vamirire vanhu nemazvo?
o) Ndedzipi ndzira dzatingashandise kuti paramende ikwanise kubvisa mutungamiri wenyika kana Prime Minister vanoshandisa masimba nendira dzisiridzo?

**4) Masimba ekutungamirira**

a) Munosarudza kuvotera mutungamiri zviri pachena here kana kuva nemutungamiri anemasimba akawanda kana kuva naPrime Minister anotungamirira pato rinezvigaro zvakawanda muparamende?
b) Panezvikondzero here kuti magurukuta angade kuita nhengo dzeparamende? Ndiani mumwe angafanira kuva gurukuita?
c) Pangave nemuganhu wemakore here kuti munhu angashande pachigaro chemasimba ekutungamirira?

## 12. MIBVUNDZO YEHURUKURO TAKATARISA BUMBIRO REMUTEMO

### A. ZVATINOFANIRA KUZIVA NEZVE BUMBIRO REMUTEMO

1. Sei bumbiro ririmutemo wakakosha munyika dzose?
2. Ndezvipi zvinangwa zvinofanira kucherechedzwa mubumbiro zvinoratidza kuti pane utongi unobvumira zvido zvevanhu?
3. Bumbiro rinotatidza kuti ndeapi masimba achabatwa nemapazi akasiyana ehurumende. Ndeapi masimba acho matatu?

### *B. DAMBUDZIKO HURU RINODA KUGADZIRISWA MUZIMBABWE*

1. Nderipi dambudziko huru ringagadziriswa nokuunza bumbiro idzvsa romutemo?
2. Ndezvipi zvanga zvichiitika muZimbabwe zvinoratidza kuti atina kuparadzaniswa kwemasimba kwakanaka?
3. Chii chinofanirwa kuitwa mubumbiro idzva romutemo chingaite kuti pave nokuparadzaniswa kwemasimba kwakanaka?

### *C. ZVINOFANIRA KUNGE ZVICHIISWA MUBUMBIRO IDZVA ROMUTEMO*

**1) Zvizvarwa zvemuZimbabwe**

a) Zvakanakirei kuti munhu wese aka barirwa muZimbabwe avechizvarwa chomene?
b) Kana tikasabvumira munhu wese akabarirwa muno kuti avechizvarwa, saka ndiani anekodzero yokuva chizvarwa?
c) Ungazvifarira here kuti chizvarwa chemuZimbabwe chibvumirwe kuva nekodzero yokuva chizvarwa cheimwe nyika?
d) Chii chakakoshesa kuisa chikamu chebumbiro chinodvivirira hurumende kuti ibvutire zvizvarwa zvemuZimbabwe kodzero dzose? Ungafarira kuisa chikamu chakadaro mubumbiro idzva?

**2) Kodzero dzevanhu**

a) Ndechipi chikamu chekodzero chisimo mubumbiro romutero riripo parizvino?
b) Ndeapi mamwe matambudziko aripo ekodzero dvevanhu aripo mubumbiro rinoshanda iyezvino?
c) Kodzero dvevanhu nezvematongero enyika ndezvipi zvaungade kuwedzera mukodzero dzatinadzo parizvino?
d) Ndezvipi zvamungade kushandura mukodzero dzevanhu nezvematongero enyika zvaepo mubumbiro romutemo.
e) Kodzero dzeupfumi nedzemagariro evanhu zvakanyorwa, ndezvipi zvamungatsigire mubumbiro idzva romutemo?



## B: ZVIRIKUNYANYA KUNETSA MUZIMBABWE ZVINODA KUGADZIRISWA

***1. Vatungamiriri vazviunganidzira masimba akawandisa ndokuashandisa zvisina kunaka.***

Vanhu vane masimba ekutungamirira vanyanya kusimba nekukurira zvimwe zvikamu zvose zvehurumende:

- ☒ Vavakutsvetera nekumanikidza dare re Paramende kuti riise mitemo yavanoda ivo;
- ☒ Vanomanikidza vatongi vematare edzimhosva nekutyisidzira avo vavasingade voisa muzvinzvimbo zvavo avo vanoita zvavanoda nyangwe zvisiri pamutemo kana kuti zvisina kunaka;
- ☒ Nokuti vanemasimba ezvekutonga vanotyora mitemo nekutyora kodzero dzevanhu.

Izvi zvakonzera kusashandiswa kwemasimba nevatungamiriri pamwe nekuparadzwa kweupfumi hwenyika.

***2. Bumbiro idzva remitemo ringaite sei?***

Zvimwe zvezvizvi zvinogona kudzivirirwa kuti zvisaitika nekunyora bumbiro idzva. Apo tinonyora bumbiro idzva chekutanga ndechekuona kuti vatungamiriri havabati masimba akawandisa nekuti dare re Paramende neve matare edzimhosva vanokwanisa kushanda vasingakanganiswi kana kusundwa nevatungamiriri vehurumende.

**Izvi zvinoda kuti:**

- ✓ Masimba ave akaparadzaniswa zviri pachena;
- ✓ Pave nenzira dzekugadzirisa vatungamiriri kana vashandisa masimba avo nemutoo usina kunaka;
- ✓ Pave nekudzivirirwa kwakakwana kwekodzero dzedu tose;
- ✓ Zvesarudzo zvive zvinofambiswa nenzira yakanaka kuti tikwanise kusarudza vanhu vanozotimirira zvakakwana vachiremekedza zvido zvedu.

## C: ZVINOFANIRA KUNGE ZVICHIISWA MUBUMBIRO IDZVA REMITEMO

Chikamu chasara chegwaro rino tichatarira zvidimu zvakasiyana zve bumbiro remutemo tichitsanangura sarudzo dzatinofanira kuita maererano nesarudzo dzatinofanira kuita kuti toisa zvipi mubumbiro, tichitarisazve kuti zvichabatsira sei kuti vanotungamiririra nyika vaite zvakanaka, zvatinoda pamwe nokuchengetedza kodzero dzevanhu. Tichataurawo nezviri mu Kariba Draft kuti mugokwanisa kuzvipatsanisa nezvimwe.

### 1. ZVIZVARWA KANA KUTI MWANA WEVHU MU ZIMBABWE:

***Manetswa ndeeyi apa?***

Makore mashomanana apfuura hurumende yakashandura mitemo inechokuita nezve zvizvarwa kana kuti umwana wevhu wemuno munyika. Yakabvisa kodzero dzevamwe vanhu dzekuva zvizvarwa kana vana vevhu vemu Zimbabwe. Izvi zvinenge zvakaitirwa kuti vanhu vaifungidzirwa kuti vakange vasingatsigiri hurumende vasakwanise kuvhota musarudzo. Iyezvino tavakuda nzira iripachena yekuti tizive kuti ndiani anekodzero yekuva chizvarwa kana kuti mwana wevhu wemu Zimbabwe.

***Ndianiko anekodzero yekuva chizvarwa kana mwana wevhu?***

**Izvi ndizvo zvezvimwe zvatingasarudza:**

a. Munhu wese akaberekerwa muZimbabwe, zvisinei kuti vabereki vake zvizvarwa zvenyika ipi, anekodzero yekuva chizvarwa che Zimbabwe.

**IZVI ZVAKANAKA PAKUDII?**

- ✓ Mwana wese akaberekwa muno muZimbabwe anenge anekodzero yekuva chizvarwa chemuno. Dai nyika dzese dziine marongero akadaro kungadai kusina munhu asina nyika yaari chizvarwa chayo. Ichi chingava chitsigiro chedu chekuti munhu wese ave chizvarwa kana kuti mwana wevhu wenyika pasi rose. Izvozvi zvinochengetedzwa mumitemo mizhinji yezvekodzero dzavanhu pasi rose.
- ✓ Pangadai pasina manetswa, mhirizhonga nekuparadzwa kwemari zhinji vanhu vachitsvaka magwaro sezvo munhu wese anenge achikwanisa kutaridza gwaro rekubarwa kwake aizokwanisa kuwana matsamba ekuva chizvarwa chenyika. Vana vaisazokura vasina magwaro avanokodzera.

**ZVAKAIPA PAKUDII?**

Vana vanenge vabarwa mu Zimbabwe vabereki kana kuti mai vavo vachinge vari munyika ino vanobva vava zvizvarwa zvemuno nyange ivo vasina zvavo chimwe chekuita nenyika ino:



edzimhosva, kodzero yekusatongwa kaviri nemhosva imwechete, kodzero yekuramba kupa umbowo munyaya yaunenge urikuzvidzivirira, huye kodzero yekutongwa mukati menguva isina kurebesa.

**Kudzivirirwa kwerusununguko rwehana yako:** Izvi zvinobatanidzira rusununguko rwepfungwa kana kuti mafungiro, rusununguko rwekutenda kana kunamata, pamwe nekodzero yekuti usapike kana kupa mhiko (swearing or taking an oath) pamberi pedare redzimhosva kana zvichipikisana nechitendero chako.

**Rusununguko rwekuratidza kana kutaridza kana kubudisa pachena:** Izvi zvinobatanidzira kodzero yekuva namafungiro, kutaridza mafungiro nekuparadzira pfungwa pamwe nezvingazikanwa kana kuti nhau.

**Rusununguko rwekuva nehukama kana ushamwari nekusangana:** izvi zvinobatanidzira kodzero yekutanga kana yekuva nhengo yebato rezvamatongerwe enyika, masangano ezvavashandi kana mimwe misangano kana zvikwata. Kodzero yekuva nhengo yemusangano inobatanidzira kodzero yekusamanikidzwa kuva nhengo yeupi zvawo musangano.

**Rusununguko rwekufamba:** munhu wese anemvumo yekupinda kana kubuda mu Zimbabwe, kufamba-famba asingamanikidzwi, kugara uko anoda, nokusununguka kubva mukudzingwa. Hakuna mutemo unofanira kuita kuti chizvarwa che Zimbabwe chidzingwe munyika, kana kudzivisa chizvarwa zhe Zimbabwe kupinda munyika.

**Rusununguko kubva murusarura:** hapana mutemo unbvumira kusarura maererano nerudzi, dzinza, nzvimbo yaunobva, mafungiro, ako nezvematongerwe enyika, rudzi rweganda, chitendero, kana kuti uri mukadzi kana murume here. Kumwe kusarura kunobvumirwa mune zvemhuri nezve munhu mbune, kana nezve tsika namagariro evanhu.

hwekodzero. Mitemo yese yatovapo inobvisa kodzero idzodzo inogona kunzi haina kumaturo.

**Ndedzipi kodzero dziri muhurongwa hwekodzero dzavanhu?** Hurongwa uhu hunotanga nemavambo anotaura kuti kodzero dzose dzirimo dzinofanira kuwanikwa nemunhu wese zvake. Asi kodzero idzi dzinoganhurwa pakuti dzinoedza kudzivirira kukanganiswa kwekodzero dzevamwe vanhu, pamwe nekodzero dzeveruzhinji.

**Zvinotevera ndidzo kodzero dzacho nepadzinogumira:**
**Kodzero yeupenyu:** hapana anofanira kuurawa kunze kwezvinotevera:- kunge atongerwa rufu, kana achirwisana nokuramba kusungwa zviripamutemo, nokuda kwemhirizhonga kana kuti hondo, kana kuti kumudzivisa kupara mhosva.

**Kodzero yerusununguko:** hapana anofanira kurasikirwa nerusununguko rwake kunze kwezvikonzero zvinotevera:- kuti atongwe kana kurangwa pamutemo, kusungwa,kudzivirira zvirwere kana kudzivirira kupinda mu Zimbabwe zvisiri pamutemo, kana kuti abudiswe kunze kwenyika.

**Kudzivirirwa kubva muutapwa kana mukushanda zvekumanikidzwa:** hapana anofanira kubatwa muutapwa kana kumanikidzwa kuita basa rekumanikidzwa. Kudzivirirwa uku hakudzivisi kushanda sechikamu chemurango unenge wapiwa munhu anenge awanikwa aine mhosva achipfigirwa mutirongo, kushanda kwemauto kana panguva yedambudziko rinosvikira vanhu vese.

**Kudzivirirwa kubva mukushungurudzwa nokurangwa zvisina hunhu:** chikamu ichi chinonangana nezviito zvinokanganisa muviri kana pfungwa dzemunhu.

**Kudzivirirwa kubva mukutorerwa upfumi:** hapana upfumi hwemunhu hunofanira kutorwa zvekumanikidzwa kunze kokuti kutorwa uku kunokodzera huyezve munhu anenge atorerwa anozoripirwa zvakakwana nenguva isina kurebesa. Anenge atorerwa upfumi hwake anokwanisa kuenda kumatare edzimhosva kuti dzinotara muripo wakafanira. Pane zvinoganhurwa panezviripamusoro ipapo maererano nezve minda neimwe pfuma ingangotorwa nenyika kuitira kugoverwa pokugara kwavanhu kana kuitisa zvimwe zvakanangana nezvakanakira veruzhinji.

**Kudzivirirwa kubva mukusechwa kana kupindirwa mumba:** Kunze kwekunge zvototemwa nemutemo, hapana anofanira kusechwa pasina mvumo yake, huye hapana munhu angangopinda mumusha memunhu asina mvumo yemuridzi wemusha iwoyo.

**Kudzivirirwa nemurawo:** Izvi zvinobatanidzira kodzero yekutongwa zviripachena, kodzero yekunzi hauna mhosva kusvika zvataridzwa kuti une mhosva nedare rakakodzera, kodzero yekuzvimiririra nokuzvidavirira mumatare



b. Mwana wese anenge abarirwa mu Zimbabwe anenge ave nekodzero yekuva chizvarwa chemuno nokuti vabereki vake vaive munyika ino paakazvarwa;
c. Chero mwana wese anemubereki wemuZimbabwe anokodzera kuva chizvarwa chemuno nyangwe akazvarirwa kupi;
d. Munhu wese anenge aroora kana kuroorwa ne munhu wemu Zimbabwe kana akauya kuzogara muno anenge ave nekodzero yekuva chizvarwa chemu Zimbabwe.

***Totendera chizvarwa chemu Zimbabwe kuvao chizvarwa cheimwe nyika here?***
Nyika zhinji dzinobvumira kuti munhu akwanise kuva chizvarwa chenyika mbiri. Zimbabwe yakarambidza izvi mugore ra1985. Bumbiro remitemo rinokwanisa kuita kuti munhu akwanise kuva chizvarwa chenyika mbiri. Kariba Draft haina zvakanyorwa nezvekuva chizvarwa chenyika mbiri.

**ZVAKANAKIRA KUVA ZVIZVARWA ZVENYIKA MBIRI:**
- ✓ Vana vane vabereki vanobva kunyika dzakasiyana havamanikidzwe kusarudza kuti vanoda kuva zvizvarwa zvenyika ipi.
- ✓ Vanhu vekunze kwenyika ino vanenge varoorwa kana kuroora munhu wemuZimbabwe kana vakauya kuzogara muno vanokwanisa kuva zvizvarwa zve muno asi havarasikirwi nekuva chizvarwa chenyika yavo. Kana kusikudaro vanezenge vachifanira kutsvaka mavhiza ekupinda munyika mavo.
- ✓ Zvizvarwa zvemu Zimbabwe zvirikunze kwenyika zvakakwanisa kuva zvizvarwa zvenyika idzodzo zvinokwanisa kudzoka kuzoshanda mu Zimbabwe pasina kutsvaka mapemiti kana mvumo yekugara muno.

**ZVAKAIPIRA KUVA ZVIZVARWA ZVENYIKA MBIRI:**
Vamwe vanhu vanenge vachida kuva zvizvarwa zvenyika mbiri kungoti zvivanakire pakushanya, kufamba kana kushanda, asi vasina kuzvipira kunyika iyoyo. Izvi zvinowanikwa kwese-kwese.

***Kurasikirwa nekuva chizvarwa chenyika yako:***
Tinokwanisa kuisa chinyorwa chinozivisa hurumende kubvisa kuva chizvarwa kwemunhu wese wemu Zimbabwe.

**ZVAKANAKA CHII?**
- ☺ Vezvamatongerwe enyika havazokwanisi kushandisa nyaya yezve chizvarwa kuti vamanikidze vanhu kusavhota;
- ☺ Hakuzovi ne munhu wemu Zimbabwe asina nyika.

## 2. KODZERO DZAVANHU:

***Manetswa kana kuti matambudziko ndeapi?***

- ☒ Kodzero dzezvamatongerwe ndidzo chete dziri mububmbiro iyezvino. Kodzero dzezveukama nedze upfumi hadzimo.
- ☒ Kodzero dzatiinadzo dzinokwanisa kukanganiswa saka zvinotoda bumbiro rakanaka kuti kodzero idzodzo dzidzivirirwe dzisakanganiswa.

***Munekodzero dzakakwana here dze zvematongerwo mubumbiro riripo iyezvino?***
Tingangoda kuwedzera kodzero dzezvematongerwo, zvakafana neizvi zvinotevera:

**Kodzero yekuva nezvakavanzika:** Izvizvinogona kuzivisa hurumende kuti isaongorora matsamba edu nezveupenyu hwedu.
**Kodzero yekushandisa muviri wako madiro ako:** Izvi zvingabvumira vanhukadzi navanhurume kuita sarudzo panyaya dzepa bonde pamwe nedzekuzvara sekuda kwavo.
**Rusununguko rwevanotapa nokunyora nhau:** Izvi zvingazivisa hurumende kuti isakanganisa vemapepanhau nemadzimudzangara kuita basa ravo.

Tingangoda kushandura zvimwe zviri mumitemo kana kuwedzera zvimwe zvisimo kana kuzvisimbisa.

Zvimwe zvacho ndezvizvi:
**Kodzero yeupenyu:** Parizvino bumbiro rinobvumira kuti matare edzimhosva atongere munhu kufa. Tingangoda kubvisa izvi mububmbiro remitemo.
**Kodzero yekuenzana:** Parizvino bumbiro rinobvumira kusarudza nekusiyanisa pakati pevakadzi ne varume munyaya dzinechokuita nezvetsika nezvamagariro evanhu pachivanhu. Tingangoda kubvisa izvi. Tingangoda kusimbisa kodzero dzamadzimai dzakanangana nezveminda zvikuru mumaruwa.
**Kodzero yepfuma:** Parizvino bumbiro rinekodzero dzekuti munhu asatorerwe zvinhu kana upfumi hwake pasina chikonzero chakasimba kana kuripirwa. Asi pane musiyano zvikuru panyaya dzeminda. Tingangoda kusimbisa kodzero dzevanhu dzekuripirwa tichibvisa mitemo inoita kuti hurumende itorere vanhu minda yavo.
Tingangoda kuisa mutemo unopa vashandisi veminda kudzivirirwa zviripamurawo.

***Tinoda here kuisa kodzero dzezve upfumi nezveukama?***
Senyika, Zimbabwe yakanyora kubvuma kwayo kuva nechokuita nezvisungo zvenyika dzese zvakawanda. Semucherechedzo, Zimbabwe yakanyora ichidavira nezvekodzero dzehukama, upfumi netsika dzavanhu zviri mububmbiro rekodzero dzavanhu vemu Africa nedziri muzvisungo zve Mubatanidzwa wenyika dzapasi rose (United Nations). Izvi zvinobatanidzira **kodzero dzedzidzo, utano, pokugara, upenyu hwakanaka, pamwe ne mabasa.**



**ZVINGABATSIREI?**

- ☺ Hurumende ichafanira kungwarira kuti inonyora zvipi yova nekutaridzika kwakanaka nenyika dzekunze; ichavao nekuzvipira kuita zvinodiwa nezvibvumirano zvainenge yanyora;
- ☺ Vanhu vemu Zimbabwe vachawana zvinovabatsira kubva muzvibvumirano zvinenge zvanyorwa vasingafaniri kumirira kuti zvitange zvaitwa mitemo neParamende.

## 10. KUSHANDURWA KWEBUMBIRO REMITEMO:
Bumbiro remitemo rinofanira kuva nechikamu chinotaura kuti ringashandurwa sei. Kazhinji zvinofanira kuva zvakarema kungoshandura bumbiro remitemo kudarika kuisa mutemo mudiki.

Parizvino bumbiro remitemo rinongokwanisa kushandurwa kuburikidza nokuvhota kwenhengo dze Paramende dzinokwana zvikamu zviviri kubva muzvitatu, asi izvi zvakaita kuti zvive nyore kurishandura nokuti vanotonga vaikurira chose Paramende.

**Zvingaitwa sei kuzvigadzirisa?**

- ☑ Ngazviitwe kana zvikamu zviviri kubva muzvitatu zvedzimba dze Paramende dzakaparadzana zvichibvumirana nazvo;
- ☑ Ngazviitwe chete kubudikidza nekuvhota kwevanhu vose (referendum). Izvi zvinodhura huye ibasa guru rinonetsa;
- ☑ Zvingaitwe nezvikamu zviviri kubva muzvitatu mu Paramende zvichitsigirwa nezvikamu zviviri kubva muzvitatu zvema paramende ematunhu kana kwava nehurumende yezvamatunhu;
- ☑ Zvimwe zvikamu zvinogona kuitwa kuti zvisashandurwa nyangwe zvodii, zvakafanana nezve kodzero dzavanhu, kunze kwekuti kana vachiwedzera dzimwe kodzero.

**ZVAZVINOBATSIRA:**
Zvese izvi zvinoita kuti zvive zvakaoma kana kuti zvinogozha kushandura bumbiro remitemo, huye zvinozodzivirira kodzero dzedu.

## 11. KODZERO DZAVANHU DZIRI
Kodzero dzavanhu dziri mububmbiro re Zimbabwe parizvino. Tokumbira muite chidzidzo chakanaka kuti tingachinje sei kuti zviite zvirinani kumaZimbabwe wose!

**Chii chinonzi hurongwa hwekodzero dzavanhu?** Hurongwa hwekodzero hunotsanangudza kodzero dzese dzemunhu wese. Hakuna mutemo unofanira kubvisa kodzero idzodzo, kunze kwekuti zvichibvumirwa nehurongwa

kana kuti nyunyuto, dzotsvagiridza chokwadi, dzodana nokubvunzurudza zvapupu, ndokuzoendesa nyaya dzacho kumatare edzimhosva.

**(c) Zvemari:** Makomisheni anokwanisa chete kuita basa rawo nemazvo kana ainevimbiso yekupiwa mari yekushandisa yakakwana nebumbiro remitemo, kuitira kuti dzisakanganiswe kuita basa nokunyimwa mari, sezvakaitika kubazi rinonzi ombudsman. Panokwanisa kunge paine mutemo unomanikidzira kuti chikamu chakati chehomwe yenyika chipiwe kumakomisheni aya anoongorora mafambisirwo ezvinhu munyika.

**9. MITEMO YEZVEKUDYIDZANA NENYIKA DZEKUNZE:**
Ibasa revanenge varikutonga kunyorerana pasi zvibvumirano nedzimwe nyika. Parizvino hakuna chibvumirano chakanyorwa nehurumende yemu Zimbabwe chati chava chikamu chemutemo wedu kusvikira chabvumwa ne Paramende yedu. Zvibvumirano zvese zvekuchengetedza kodzero dzavanhu zvakanyorwa nehurumende yedu hazvisati zvava mitemo munyika medu.

**ZVINOKANGANISA KUTI ZVIBVUMIRANO ZVIITWE MUTEMO NE PARAMENDE:**
- ☹ Hurumende yedu ingangonyora zvibvumirano izvi asi iyo ichiziva kuti hazvizovi mitemo munyika muno. Micherechedzo ndeyekodzero dzehutano nekodzero dzefundo dzirimuzvibvumirano zvatakatonyora asi zvisina kuitwa chikamu chemitemo yedu;
- ☹ Zvizvarwa hazvina chazvinobatsirikana kubudikidza nemitemo yenyika dzese;
- ☹ Hurumende yedu inokwanisa kunyengedza nyika dzekunze ichinyora zvibvumirano asi yozoti hazvisi zvikamu zvemitemo yedu. Mucherechedzo idare guru rezvedzimhosva re SADC. Ve ZanuPF vakatongwa pamberi paro, pavakabatwa nemhosva vakashanduka voti dare iroro harisi chikamu chemutemo wenyika ino.

**ZVINOBATSIRA KUTI ZVIBVUMIRANO ZVIITWE MITEMO NE PARAMENDE:**
Kana hurumende ikanyora chibvumirano chisinga tambirwi nevanhu veZimbabwe chinogona kurambwa ne Paramende.

**Zvingagadziriswa sei?**
Tinokwanisa kuisa chikamu mubumbiro remitemo chinoti zvibvumirano zvose zvinenge zvanyorwa nehurumende zvichava mutemo munyika muno chiriporipo kunze kwekuti Paramende yachiramba.



Tinofanira kusarudza kuti kodzero idzi dzoiswa here mubumbiro idzva remitemo redu. Tingangofungao nezvinotevera kuti kuda zviiswewo mubumbiro:
- ☞ **Kodzero dzavana;**
- ☞ **Kodzero dezvefundo kana kuti kudzidza;**
- ☞ **Kodzero dza vanhukadzi;**
- ☞ **Kodzero dzevakaremara;**
- ☞ **Kodzero dzezve utano, kuwana zvose zve utano pamwe nezve kubara vana;**
- ☞ **Kodzero dzavashandi;**
- ☞ **Kodzero dzakanangana nezvakatipoteredza;**
- ☞ **Kodzero dzezvekutongwa kwemhosva kwakanaka;**
- ☞ **Kodzero dzezve pekugara kana kuti dzimba;**
- ☞ **Rusununguko rwekutenga nekutengesa pamwe nekuita mabasa;**
- ☞ **Kodzero dzekugara upenyu hwakanaka.**

**ZVAZVINGABATSIRA:**
Izvi zvose zvinhu zvatinoda kuti tirarame upenyu hwakanaka hwapera kubvutwa kubva kwatiri nehurumende mumakore akawanda apfuura. Saka tinoda kuti kodzero idzodzi dziiswe mubumbiro remitemo idzva.

**ZVINGANGONETSA IPAPA:**
- ☹ Zvingangoite kuti vanhu vave netarisiro yekuti hurumende ichakwanisa kupa vanhu izvi zvose chiriporipo, asi izvi hazvigoneki;
- ☹ Kodzero idzi dzinonetsa kudzidzivirira mumatare edzimhosva sezvo matare edzimhosva asingakwanisi kumanikidza hurumende kuita izvo isingakwanisi kuita.

**KUONA KWEDU:**
Bumbiro remitemo reku South Africa rinekodzero idzi, huyezve dare redzimhosva dzakanangana nezve bumbiro remitemo renyika iyoyo rakawana nzira dzokuti hurumende ichengetedze nekuremekedza kodzero idzodzi sekugona kwayo.

***Ko tingadzvirira kodzero dzedu sei?***
Parizvino munhu anenge akanganisirwa kodzero dzake ndiye chete anokwanisa kuendesa nyaya kumatare edzimhosva, asi anokwanisa kudziviswa nematare aripasi kuendesa nyaya kudare rapamusoro, rinonzi Supreme Court. Kazhinji dare redzimhovsa rinononotsa nyaya zvekuti haizotongwi mudare.

**Tingaite sei?**
- » Tinokwanisa kuti zvigoneke kuti munhu wese akwanise kuenda kudare redzimhosva kunomhangara kuti zvaitwa ne hurumende kana kuti nemushandi we hurumende zvatyora kodzero dzake, huye nokutara nguva

yekuti nyaya iyoyo kana kuti nyaya dzakadaro dzitongwe mukati menguva yakati.

- Tinokwanisao kuva ne dare redzimhosva dzezvekodzero dzavanhu richishandiswa navanhu vose. Iri dare rinogona kunge riri dare rezve **bumbiro remitemo**.
- Tinokwanisa kumisa **komisheni yezvekodzero dzavanhu** ine masimba akawanda ekunzwa zvichemo, kutsvagiridza nekudana zvapupu pamwe nekutuma matare edzimhosva kuti atonge vanokanganisa kodzero dzvanhu.
- Kodzero dzose dzinofanira kuva **dzinobvumirwa kugadziriswa mumatare edzimhosva**. Zvinofanira kugoneka kuinda kumatare edzimhosva kunodzivirira kodzero dzavanhu kubatanidzira kodzero dzezveukama nedze upfumi kana dziri mubumbiro remitemo.

## 3. MASIMBA EPARAMENDE

***Manetswa eParamende yedu ndeapi?***

Bumbiro redu remitemo iyezvino rinoita kuti pave nedzimba mbiri mu Paramende, Imba Yekuungana (House of Assembly) ne Seneti. Dzimba idzi dzose dzinofanira kubvumirana kuti dziise mitemo. Asi kubva 1988 kusvika 2005 taiva neimba imwe chete. Nyangwe zvazvo dzava dzimba mbiri, Paramende nanhasi haina simba, huye inokurirwa ne varikutonga.

Bumbiro redu remitemo rinofanira kuona kuti Paramende inesimba rakakwana rekuita basa rayo pasina kumanikidzwa kana kudzvanyirirwa ne varikutonga.

***Tinoda kuita sarudzo dzipiko maererano ne Paramende?***

***(a) Dzoita dzimba mbiri here kana kuti imwe?***

Dzimwe nyika dzine imba imwe chete ye Paramende, asi dzimwe dzine dzimba mbiri dzose dzinofanira kubvumira Biri risati raitwa mutemo.

### ZVAKANAKIRA DZIMBA MBIRI:

- ✓ Imba yechipiri (Seneti) inebasa rekuongorora zvinoitwa neimba yekuungana kana kuti imba yepazasi kuti mitemo isaitwa nechimbi-chimbi pasina kutaurirana kwakakwana nekufungisisa.
- ✓ Imba yechipiri inopa mukana kune vakwegura vane uchenjeri hwakadzama asi vasingadi kuzviisa pamakwikwi esarudzo, huye inobatsira kuti matunhu ese ave akamiririrwa.
- ✓ Vamiriri vakawanda vanobatsira kuti pave nekudyidzana nekuvhunzana kwakakwana pakati penhengo dze Paramende nevanhu vavanomirira.

### ZVISINA KUNAKIRA DZIMBA MBIRI:

Dzimba mbiri dzinoita kuti mari yakawanda ishandiswe, isu hatina mari yakawanda yekuita dzimba mbiri.



**Kuchengetedza kuzvidavirira kwemakanzuru:**

Mutemo uripo unopa hurumende yenyika masimba akawanda zvakadai pamusoro pemakanzuru unoitirwa kuti makanzuru ashandise mari zvakanaka, nekutsvaka mari maererano nekugona kwevanhu. Asi simba iri ravakushandiswa kuti vamwe vawane masimba ezvekutongwa kwenyika. Izvi zvakonzera kurwadziswa kwevanhu.

**Zvimwe zvingaitwe:**

- ☑ Zvikwata zvezvizvarwa zvenzvimbo iyoyo zvingapiwa basa rekuongorora maitiro emakanzuru;
- ☑ Mutemo nematare edzimhosva anofanira kutenderwa kutongesa vaya vanoita zvechikiribidi;
- ☑ Sarudzo dziitwe mushure menguva shoma inenge yakatarwa mumutemo (makore maviri kana mana ega-ega) kuitira kuti vanotungamirira kanzuru vazvidavirire kuvanhu vanovavhotera.

Vanhu vanobhadhariswa mitero vanofanira kudzidza kuti hapana chinouya pachena, asi kuti pane zvirongwa nesarudzo dzinofanira kuitwa maererano nekutsvaka nokushandisa mari nenzira yamandorokwati.

## 8. MAKOMISHENI ANOISWA NEBUMBIRO REMITEMO:

Makomisheni akati wande anofanira kumiswa maererano nebumbiro riripo iyezvino. Anogona kuiswa mumapoka matatu:

- ☐ Makomisheni anoona nezve mabazi anoita basa rimwechete kudai se redzimhosva, remapurisa, rematirongo, remauto, nere zvenhau;
- ☐ Makomisheni anoona nezve sarudzo – Zimbabwe Electoral Commission (ZEC), yavakuitawo zvekugura matunhu esarudzo;
- ☐ Komisheni dzinoongorora mashandisirwe emasimba navari kutonga nyika – komisheni ye kodzero dzavanhu, komisheni yekurwisa huori.

**Nyaya dzinokosha:**

**(a) Kudomwa kwenhengo:** Makomisheni aya anonzi akazvimirira oga nyangwe nebumbiro remitemo. Asi, pamaitiro mu Zimbabwe haana kuzvimirira oga kubva muvatungamiriri venyika, nokuti President anekodzero yekudoma nhengo dzacho, huye paanofanira kubvunza mumwe munhu kana chikwata kazhinji anenge arimunhu kana chikwata chaanodoma iye zvakare. Izvi zvinoreva kuti makomisheni aya haana kuzvimirira ega. Zvakakosha kuisa nzira dzekudoma dzisingapi masimba akawanda zvakadai kune varikutonga kana President.

**(b) Masimba emakomisheni:** Kuti ave anoshanda zvakanaka makomisheni anofanira kuve nemasimba akakwana ekuita basa rawo. Komisheni yezvekodzero dzavanhu pamwe neyekurwisa huori dzinofanira kuongorora mashandisirwe emasimba nevarikutonga. Kuti dziite izvi nemazvo dzinofanira kutambira zvichemo

- ☹ Zvinokwanisa kuunza kupokana pakati pematunhu ne hurumende yenyika yose, izvi zvichizotadzisa kuti pave nechinonatsobuda;
- ☹ Zvinogona kukonzera kunyanya kusiyana pakati pemarudzi kana kuti madzinza pachinhambo chekuainzanisa.

**Zvimwe zvatingangoita kana tichida hurumende dzematunhu:**

- ☐ Maparamende ema matunhu anofanira kusarudzwa navavhoti;
- ☐ Vanotungamirira vanofanira kusarudzwa navanhu kwete kudomwa;
- ☐ Huwandu hwematunhu hunofanira kuderedzwa kuitira kuti zvisanyanyodhura (semucherechedzo: Matabeleland, Mashonaland, Midlands, Masvingo, Manicaland).

***(b) Hurumende dzematunhu nemaguta:***

**Nyaya yakakosha:** Chinetswa chikuru iyezvino ndechekuti mutemo unopa masimba akawandisa kuhurumende yenyika yese kubudikidza negurokota rezve hurumende dzematunhu (Minister of Local Government). Gurokota iri ndiro rinofanira kupa mvumo pane zveurongwa hwemari (budget), nezvekupiwa mabasa kwevakuru vemakanzuru. Anesimbawo rekubvisa kanzuru dzakasarudzwa navanhu.

Bumbiro remitemo parizvino haridziviriri kodzero dzevanhu dzekuva nekanzuru yakasarudzwa navanhu inodavirira kune vakaisarudza. Izvi zvakonzera kunetseka kwakakura nokuputsika kwemakanzuru nokuti anowanzo shandiswa zvisizvo mune zvematongerwo enyika.

**Zvingangogadzirisa izvi:**

- ☐ Hurumende dzematunhu dzinokwanisa kusiiwa kunze kwe bumbiro remitemo, asi dzogadzirirwa mitemo yadzo ne Paramende – sezvazvakaita iyezvino;
- ☐ Chikamu chebumbiro remitemo chingataura kuti hurumende dzematunhu dzisarudzwe nokushanda sei.

**ZVINGANETSA KANA DZIKASIIWA KUNZE:**

Sarudzo dzejekerere dzemakanzuru dzinenge dzisina kudzivirirwa. Tinopedzisira tave namatambudziko seatinawo iyezvino, okuti nhengo dzakangoti wandei mu Paramende dzichikwanisa kushandura mutemo dzichitora masimba emakanzuru.

**ZVINGANAKA KANA DZIKAISWA MUBUMBIRO:**

Vanhu vachakwanisa kufambisa nyaya dzemumatunhu avo pasina vekunze vanopindira; vanobvisa vega vamiriri vekanzuru vanenge vachiita zvehuori kubidikidza nemutemo kana kuti nesarudzo. Izvi zvinobatsira kukurisa utongi hwejekerere.



**Maonere edu:**

- Kubva 2005 tava nedzimba mbiri asi Seneti haisi kukwanisa kudzivirira kana kuongorora zvinoitwa ne imba yapasi kana kuti imba yekuungana. Mimwe mitemo ichiri kungomhanyiswa kuti ipfuure nemudzimba dzose zvechimbi-chimbi.
- Kana dare reParamende rese risina simba, richikurirwa nevarikutonga hapana zvazvinobatsira kuve nedzimba mbiri.

***(b) Toita zvevamiriri vematunhu here kana zvemapato (party) musarudzo?***

Kune nzira mbiri dzekusarudza vamiriri mu Paramende:

**1. Zvekumirira matunhu (constituency):**

Nyika yose inoiswa miganhu yematunhu, dunhu rimwe nerimwe richisarudza nhengo kana kuti mumiriri mumwe chete mu Paramende. Mumiriri ane mavhoti akawanda kudarika evamwe vese ndiye anenge akunda musarudzo. Iyi ndiyo tsika yatinoshandisa ikozvino huye kune dzimwe nyikao dzinoshandisa nzira iyi.

**ZVAKANAKA PAKUDII IZVOZVI?**

- ☺ Nhengo ye Paramende inomirira dunhu rimwe chete huye anofanira kuzvipindurira kuvanhu vakamusarudza kana kuti vemudunhu rake maererano nekushanda kwake mu Paramende;
- ☺ Sarudzo dzekutanga (primary elections) dzinoitwa navanhu vemapato akasiyana vemudunhu iroro vachisarudza mumiriri wavanoda.

**ZVINONETSA PAKUDII**?

- ☹ Bato rinenge rawana mavhoti akawanda asi risina kukunda mamwe ose harimiririrwi mu Paramende;
- ☹ Hazvikwanisiki kuti mapoka mamwe akadai sevanhukadzi kana vakaremara vagone kumiririrwa.

**2. Zvekumirira mapato:**

Bato rimwe nerimwe rinenge richikwikwidza musarudzo rinosanogadzira mazita avamiriri varo. Vanhu vanovhota vanovhotera bato kwete mumiriri. Kana mavhoti overengwa, mapato anogoverwa zvigaro mu Paramende maererano nehuwandu hweavo vanenge vaavhotera. Saka kana bato A rikawana 42% pamavhoti, vanowanao 42% yezvigaro mu Paramende. Izvi ndizvo zvinoitwa ku South Africa, huye zvakamboitwao muno mu Zimbabwe.

**ZVAKANAKEI?**

- ☺ Mapato madiki asingakwanisi kukunda mudunhu rose asi aine vatsigiri vakawanda anokwanisa kumiririrwa mu Paramende;

☺ Mapato anogona kuronga mazita avamiriri nenzira yekuti mapato ose anokwanisa kunge achimiririrwa mu Paramende.

**ZVAKASHATA PAPI?**

☹ Vanotungamirira mapato vanoita simba rakawanda nokuti ndivo vanoronga mazita evamiriri, saka uyo anenge asingafarirwi navo zita rake rinogona kusiiwa kunze; utongi hwejekerere hunodzikira mukati mebato;

☹ Nhengo dze Paramende hadzina kunatso swededzwa pedo nematunhu, saka zvinonetsa kuti nhengo dze Paramende dzizvidavirire kuvanhu.

**MUCHERECHEDZO**

*Ngatimboti musarudzo mune mapato mana. Zvigaro zvemu Paramende zviri 120 Bato rimwe nerimwe rinoisa mazita 120 evamiriri. Vanhu vose vovhotera bato Hapana onovhotera mumiriri.*

*Bato A rowana 50% mavhoti ropiwa zvigaro 60*
*Bato B rowana 30% mavhoti ropiwa zvigaro 36*
*Bato C rowana 12% mavhoti ropiwa zvigaro 14*
*Bato D rowana 8% mavhoti ropiwa zvigaro 10*

*Vamiriri vanosvika 60 vebato A vopinda mu Paramende*
*Vamiriri vanosvika 36 vebato B vopinda mu Paramende*
*Vamiriri vanosvika 14 vebato C vopinda mu Paramende*
*Vamiriri vanosvika 10 vebato D vopinda mu Paramende*

**3. Kana tikabatanidza nzira idzi mbiri:**

Zvinogona kubatanidza nzira idzi mbiri. Zvimwe zvigaro zvinogona kusarudzwa nenzira yezve matunhu, zvimwe zvosarudzwa nenzira yezve mapato.

***MUCHERECHEDZO***

*Mu Paramende munezvigaro 150.*
*Paneizvozvi 100 dzinosarudzwa nenzira yezvamatunhu.*
*Zvasara zviri 50 zvinogoverwa kuchishandiswa nzira ye mapato.*

*Bato A rowana zvigaro 60 nenzira ye matunhu*
*Bato B rowana zvigaro 34 nenzira ye matunhu*
*Bato C rowana zvigaro 6 nenzira ye matunhu*
*Bato D rotadza kuwana kana chigaro chimwe nenzira ye matunhu*



ehurumende. Matunhu haana simba rekushandisa upfumi huri mumatunhu awo, uye makanzuru anogarokanganiswa basa nehurumende yenyika yose.

Basa riripo nderekuvaka hurumende dzematunhu dzineutongi hwejekerere, dzinomirira vanhu, dzichizvidavirira kuvanhu. Parizvino bumbiro harina zvinyorwa pamusoro pesarudzo dzemakanzuru, kana hurumende dzematunhu, kana hurumende dzematunhu.

***(a) Hurumende dzematunhu:***

**Nyaya dzinokosha:** Tinofanira kusarudza kuti tinoda here hurumende dzematunhu dzichange dziinamasimba ekuita mamwe mabasa munzvimbo dzawo.
Kana zvirizvo zvatinoda tinofanira kuchitarira kuti dzichasarudzwa sei huye dzichange dzinemasimba akadii?

**Zvingangoitwa:** Tinokwanisa kuva ne hurumende dzematunhu inosarudzwa navavhoti, iine chikwata chekutonga chamakorokota (cabinet). Mukuru wechikwata ichi anenge ari mumwe wevakasarudzwa ava saPrime Minister, kana kuti anenge ari gavhuna akasarudzwa navanhu vemumatunhu iyoyo. Panofanira kuva nechikamu chebumbiro chinotaura kuti hurumende iyoyo dzematunhu inenge inamasimba akadii, akaita seezveutano, zvemigwagwa, nezveupfumi yematunhu iyoyo.

**ZVAKANAKIREI?**

☺ Zvimwe zvinoitwa nehurumende zvinobva zvaswedera pedo navanhu kudarika zvazvakaita iyezvino zviriku Harare;

☺ Zvinobatsira kupatsanisa zvinhu panenge paine kusiyana muupfumi namawandiro avanhu yemumatunhu;

☺ Zvinopa madzinza akasiyana manyawi okuva varidzi vehurumende yemuma matunhu yavo;

☺ Zvinowedzera kumiririrwa kwevanhu;

☺ Kana paine manetswa ezvematongerwe enyika pautongi hwenyika yose, hurumende dzematunhu dzinoramba dzichienderera mberi nebasa rekutonga.

**ZVAKASHATEI?**

☹ Zvinodaidza mari yakawanda nokuti zvinowedzera mari yemuhoro, neyemahofisi nezvimwe zvinodiwa neve dare kana Paramende yemumatunhu nedare ramakorokota acho;

☹ Zimbabwe inyika dikidiki zvekuti hainyatsoita kuisa rimwe danho pamapazi ehurumende atoripo iyezvino. Izvi zvinowanzoitwa munyika dzakakurisa;

☹ Zvinongopa rimwe danho rehurumende mukana wekuita huori nokuba mari nehupfumi hwedu hunotova hushoma nechakare;

Kuganhurwa kwematunhu kunopatsanusa nzvimbo dzichange dzichiitirwa sarudzo kana sarudzo ichiitwa nenzira yezvamatunhu. Parizvino komisheni yezvemiganhu ine vanhu vana, mumwe wavo ari mutongi wedare guru redzimhosva (Supreme Court or High Court), navamwe vatatu vanodomwa na President. President anongobvunza mutongi mukuru we dare guru redzimhosva (Chief Justice) anodomwao zvekare na President.

Komisheni yezvesarudzo inodomwao na President mushure mokubvunzana nemutongi mukuru (Chief Justice).
Tinoda here komisheni yezvekutarwa kwamatunhu ezvesarudzo yakazvimirira yega, kana kuti basa iri riitwe ne komisheni yesarudzo?
Zvingaitwe sei kuti komisheni yesarudzo ive yakazvimirira pachokwadi isingakanganiswi nevanenge vari kutonga?

## 6. ZVEMATARE EDZIMHOSVA (JUDICIARY):

**Nyaya dzinokosha:** Matare edzimhosva ane basa rekudzivirira kodzero dzedu, kuongorora mashandisirwo emasimba navanotonga, nokuchengetedza mutemo.

**Saka bumbiro remitemo rinofanira kuona kuti:**

- ☑ Matare edzimhosva akazvimirira oga pachokwadi asingaitiswi zvinodiwa nevari mumasimba;
- ☑ Kudomwa kwavatongi vemhosva hakuitwi navanotungamirira nyika nenzira inokurudzira tsvete kwavari.

Parizvino President anodoma vatongi mushure mekubvunzana neve komisheni yezvematare edzimhosva, asika komisheni iyoyo inodomwa zvakare nemutungamiri wenyika.

**Magadziriro angaitwa nde aya:**

- Kudoma kwemutungamiri wenyika ngakuve kunowana mvumo kubva ku Paramende (ndizvo zvinoitwa ku America);
- Paramende ingakurisa basa rayo zvirinani kana ikadoma vatongi iyo pachayo;
- Vanhu veruzhinji ngavapiwe mukana wekudoma vatongi;
- Ngakuitwe matare everuzhinji okuongorora vanenge vadomwa;
- Kana paina Prime Minister, President wechipameso ngaadome chete vatongi zvichibva mukureva kunenge kwaitwa nenhengo dze Paramende kana rimwe bazi rakazvimirira roga.

## 7. KUPARADZIRWA KWEMASIMBA KUMATUNHU

**Nyaya inokosha:** Parizvino simba rose zhinji rakabatwa nehurumende yenyika yose. Mathunu haana mari yawo yekushandisa, saka anotomirira kutambira mari kubva kubazi rezvemari (Ministry of Finance) kubudikidza nemamwe mapazi



*Bato A rowana 40% yemavhoti nenzira ye mapato, ropiwa zvigaro 20 kubva muzvigaro 50*
*Bato B rowana 30% yemavhoti nenzira ye mapato, ropiwa zvigaro 15 kubva muzvigaro 50*
*Bato C rowana 20% yemavhoti nenzira ye mapato, ropiwa zvigaro 10 kubva muzvigaro 50*
*Bato D rowana 10% yemavhoti nenzira ye mapato, ropiwa zvigaro 5 kubva muzvigaro 50*

*Nzira iyi inobvumira kuti mapato madiki awanewo zvigaro mu Paramende zvichitaridza kuti mapato aya anenge aine rutsigiro kubva kuvanhu vanenge vavhota.*

**Kana kuti** – kana paine dzimba mbiri dze Paramende, imwe imba inogona kusarudzwa yose nenzira yezve matunhu, imba yepiri ichisarudzwa yose nenzira ye mapato.

**ZVAKANAKIREI?**
Kubatanidza nzira idzi mbiri zvinoita kuti zvakanaka munzira dzacho dzose zviwande zvisina kunaka zvichiita zvishoma.

***c. Nhengo dzese dze Paramende dzosarudzwa kana kuti dzimwe dzongopiwa zvigaro?***
Nyangwe Paramende iine dzimba mbiri kana imwe, nhengo dzose dzinogona kunge dzichisarudzwa navavhoti, kana kuti vamwe vosarudzwa vamwe vongopiwa zvigaro. Mubvunzo unobuda ndewekuti anovapa zvigaro ndiani?

Mu Zimbabwe zvigaro zvekungopiwa zvagara zvichipiwa neanenge achitonga (President). Izvi zvinopa varikutonga masimba akawandisa maererano ne Paramende saka hazvinatsoita.

**ZVAKANAKIRA KUSARUDZA VESE:**
Nhengo dzese dze Paramende dzinenge dziine rutsigiro kubva kuvanhu vanovhota. Izvi zvinosimbisa Paramende.

**ZVAKANAKIRA KUTI VAMWE VANGOPIWA ZVAVO ZVIGARO:**

- ✓ Dzimwe nguva munhu anogona basa zvikuru anenge asingakwanisi kunyanya kufadza vavhoti pamaonerwe ake. Munhu akadai anofanira kungopiwa chigaro kuti ashandire nyika;
- ✓ Zvikwata zvisingakwanisi kukunda musarudzo zvinokwanisa kupiwa zvigaro zvevanomirira zvirema, vechirudzi nevanomirira vanhukadzi.

**ZVINONETSA PAKUNGOPA ZVIGARO:**
Kana vachipiwa zvigaro izvi nevarikutonga, izvi zvinopa mutongi mukuru (President) masimba akawandisa mu Paramende isu tichida kudzikisira masimba avo tichisimbisa eParamende.

***a. Toitasei nenyaya yamadzishe?***
Tinoda here kuti madzishe apinde mu Paramende kana kuti vatonge chete zvenzvimbo dzavo, vachishandisa mitemo yestika namagariro avanhu (customary law)? Parizvino vanosarudza vega ma Sineti avo huye vane huwandu hwakakura mu Sineti. Nokuda kwekushandiswa kwavanoitwa navanotonga, vanosimbisa avo varikutonga zvichiita kuti varikutonga vakurire Paramende.

**Zvingaitwa ndezvizvi:**
- Kuvabudisa zvachose muParamende; **kana kuti**
- Kuvapa zvigaro muParamende sezvavainazvo ikozvino;
- Kuvapa zvigaro zvishomanana;
- Ngakuve ne imba yakazvimirira yoga yemadzishe, inenge iine masimba ayo ekuongorora mitemo ine chokuita nezve tsika namagariro evanhu. Vanenge vasingakwanisi kurambidza mitemo, asi vachikwanisa kunonotsa zvinhu kuti nhengo dze Paramende dzinatsofunga zvakanaka. Vanenge vachikwanisa kuongorora nekutsoropodza maitiro namashandiro eParamende.

**ZVAKANAKIRA KUVASIYA KUNZE KWE PARAMENDE:**
- ✓ Vanokwanisa kunangana zvakanyanya nenyaya dzemadzinza avo mavanokudzwa huye mavanoziva nezve tsika namagariro evanhu vavo;
- ✓ Nokuti havasarudzwi havafaniri kunge vari mu Paramende;
- ✓ Havazoshandiswi navarikutonga sezvirikuitika iyezvino;
- ✓ Paramende inobva yava yejekerere zvakakwana.

**ZVAKANAKIRA KUVA NEIMBA YAMADZISHE CHETE:**
- ✓ Madzishe anokosha kuvanhu vazhinji muZimbabwe saka vangakwanisa kuwana kusununguka mune zvavanoita;
- ✓ Masimba avo paParamende anobva adzikisirwa huye havazoshanduri mamiriro emasimba ezvekutonga;
- ✓ Izvi zvinoshanda chete kana imba yamadzishe ikange isina masimba ekushandura mitemo kunze kwekuinonotsa kana kukurudzira kuti ishandurwe.

**ZVINGANETSE KANA MADZISHE AKARAMBA ARI MU PARAMENDE:**
- Havasarudzwi nevanovhota asi vanokwanisa kutora masimba kubva kunaavo vakasarudzwa navavhoti;



**CHAZVAKANAKIRA:**
Kana paine mangange nokuda kwekuenzana kwemapato ari mu Paramende zvingangonetsa kuti mitemo inopfuura nemu Paramende ifambiswe, saka kudaidzira sarudzo itsva zvingangoita kuti zvinhu zvifambe, asi hapana vimbiso yekuti sarudzo itsva dzichaburitsa zvinodiwa navarikutonga.

2. **Paramende inopedza nguva yayo yose** pasina anoibvisa nguva isati yapera. Izvi ndizvo zvinoitika ku America.

**MANETSWA EZVIZVI:** Kana paine mangange zvinganetsa kuabvisa, kana kuti kuagadzirisa.

**ZVAZVAKANAKIRA:**
- ☺ Nhengo dze Paramende dzinoramba dzichiita basa rekuisa mitemo yenyika pachinhambo chekuita makakatanwa ne varikutonga kuti vavabvise mumasimba, kana kuvatsigira kuti vasaendeswa kusarudzo uko vangangorasikirwa nezvigaro zvavo.
- ☺ Kugadzirisana pakati pemapato ezvematongerwe enyika kunokurudzirwa. Zvinenge zvichigaro zvikanwa kuti sarudzo dzichaitwa riini zvichibatsira kuti vanhu vakwanise kugadzirira.

***KARIBA DRAFT INOTI: PRESIDENT NDIYE ANODOMA MAKOROKOTA NEVATEVEDZERI VAVO***
*Sezvazviri mubumbiro riripo iyezvino, kunenge kuine makorokota nevatevedzerivavo vanodomwa naPresident kubva munhengo dze Paramende pamadiro ake. Tirangarire kuti mubumbiro rakarambwa nevanhu muna 2000, makorokota aizodomwa mushure mekuraira kwa Prime Minister, huyezve kwaisazova nevatevedzeri vamakorokota. Sazvinozve, kunenge kusina kutarwa kuti makorokota navatevedzeri vavo vachava vangani. Hofisi ya Prime Minister haina nzvimbo mubumbiro reKariba Draft. Dare remakorokota kana kuti cabinet, sezvazvakaita zvino, rinenge richitungamirirwa na President kana nemutevedzeri wake. Saka kana bumbiro re Kariba Draft rikatambirwa pachazenge pasina Prime Minister.*

***(b) Kugurwa kwemiganho yematunhu pamwe nezve komisheni yesarudzo:***
**Nyaya inokosha:** Kuganhurwa kwematunhu ezvesarudzo nekufambiswa kwesarudzo zvinofanira kuva pasi pema komisheni akazvimirira ega, asingazotsveterani nemamwe mapato ezvematongerwe enyika kana nevamwe vakwikwidzi musarudzo. Chakakosha apa ndechekuti anodoma nekupa mabasa makomishina ndiani, zvichiitwa nenzira ipi, huye kuti vanodomwa vave nekudzidza pamwe nekugona kwakakwana, kwakakodzera basa racho.

**DZINOTEVERA NEDZIMWE NZIRA DZOKUDOMA DZATINGAFUNGA NEZVAZVO:**

- ✓ President kana Prime Minister vanodoma asi kudoma kwavo koongororwa nokuzobvumwa ne Paramende (mucherechedzo ndowe US Congress inofanira kuongorora kudoma kwese kwevashandi pamwe nemakorokota e cabinet);
- ✓ Matare everuzhinji anomiswa pamberi peParamende kana kuti rimwe bazi, vakadomwa vonzi varatidze kuti vakakodzera kubata zvinzvimbo izvozvo;
- ✓ Paramende pachayo inokwanisa kunge ichidoma vanhu muzvinzvimbo;
- ✓ Veruzhinji vanokwanisa kudoma avo vanofunga kuti vangapinda pazvinzvimbo izvi nekuvao nechekuita nekuzoongororwa kwavo neveruzhinji.

Kana kuti dzimwe dzenzira idzi dzingango shandiswa pamwe chete.

***(f) Ukuru hwe cabinet:***

Cabinet kana kuti dare remakorokota rakakurisa rinodaidza mari yakawanda. Kana richibva munhengo dze Paramende zvinoreva kuti cabinet yakakurisa inoita kuti varikutonga nyika vakurire Paramende. Vamwe vakawanda vanoti ngatiise cabinet ine makorokota anosvika gumi nevashanu kana makumi maviri chete.

**5. SARUDZO**

Bumbiro remitemo rinofanira kuva nezvinotevera:

- ☑ Kuti sarudzo dzinoitwa kwapera nguva yakadii;
- ☑ Kuti Paramende inobviswa sei nguva yayo isati yapera;
- ☑ Kuti miganhu yematunhu ezvekuvhota inotarwa sei;
- ☑ Kufambiswa kwenyaya dzesarudzo – kazhinji zvinoitwa ne komisheni yezvesarudzo.

***(a) Kubviswa kwe Paramende:***

Mubumbiro redu riripo zvino (hurumende yemubatanidzwa isati yavapo), President aiva nesimba rekubvisa Paramende pasina chaimudzivisa. Kazhinji kana paina Prime Minister, iye anokwanisao kubvisa Paramende kana bato rake rarasikirwa nezvigaro zvakawanda kana kuti nechimwe zvacho chikonzero.

**Zvingagoneka ndezvipi?**

1. **Anotungamirira varikutonga anogona kubvisa Paramende** (kana ari Prime Minister izvi zvinogona kana abvumirana nemakorokota ecabinet.)

**ZVAKANAKIREI?**

- ☹ Kana Paramende ikavhota ichiramba zvabva kune vanotonga, anogona kuibvisa odaidzira sarudzo itsva. Izvi zvingangoita kuti sarudzo dziwandise munguva pfupi;
- ☹ Varikutonga vanobva vakurira nhengo dze Paramende.



-  Izvi zvinoita kuti Paramende ive isina simba, uye kana vachishandiswa navari kutonga zvinopa varikutonga masimba akawandisa.

***b. Kukura kwe paramende:***

Tinoda nhengo dze Paramende ngani? Parizvino Paramende ine nhengo dzinodarika mazana matatu (300).

**ZVATINOFANIRA KUFUNGISISA:**

Tinofanira kuva navamiriri vakakwana.

- Zvichi batanidzira unyanzvi, zvido nekugona kwakasiyana-siyana;
- Kuti vago kwanisa kusangana nevanhu nguva dzakawanda.

**ASI…** Kana vakawanda nemari yekuvabhadhara inowandawo, pamwe neyekufamba kwavo nezvimwe. Parizvino, ava mazana matatu varipo vanotoita kuti Paramende itidhurire zvakanyanya sezvo upfumi hwedu husina kumira zvakanaka.

**(f) *Kutendeka kubato rezvamatongerwe enyika:***

Nhengo dze Paramende dzobvumirwa here kubuda munerimwe bato vachipinda munerimwe mushure mekusarudzwa kwavo, kana kuti votorerwa zvigaro zvavo kuti vapindezve musarudzo?

**ZVAKANAKIRA KURAMBA VARI NHENGO YEBATO RIMWE:**

- ☺ Zvinobatsira kuti nhengo dze Paramende dzisaita uori dzichipiwa mari kana zvimwe kuti dzibude mubato ravo vapinde munerimwe vasingatarisi kuti vakavasarudza vanoda zvipi.
- ☺ Vanhu vanoziva kuti mumiriri wavakasarudza haazoshanduri bato asina mvumo kubva kwavari;
- ☺ Kana vakasarudzwa nenzira yezvemapato zvinonetsa nokuti vanhu vanenge vakavhotera bato kwete mumiriri, saka zvinonetsa kuti munhu azoshandura bato mushure mesarudzo.

**ZVAKANAKIRA KUBVUMIRWA KUSHANDURA BATO:**

Nhengo ye Paramende inekodzero yekuita izvo zvinoda hana yake kana akapokana nebato rake panyaya hombe kana kuti inokosha.

**(g) *Kubvisa nhengo kana mumiriri:***

Kune dzimwe nyika, vavhoti vanokwanisa kubvisa mumiriri wavo wavakasarudza kana vasingade izvo anenge arikuita. Vanotofanira kuunganidza chikamu chakati chevavhoti, (chapakati nepakati) cheavo vakavhota musarudzo inenge ichangopfuura kuti vanyore chichemo kana kuti chikumbiro chinoti iye haachamiriri zvido zvavo, kozova nesarudzo yokusarudza mumiriri mutsva.

**IZVI ZVAKANAKEI?**

- ☺ Nhengo dze Paramende dzinofanira kuteerera nokuziva zvinodiwa nezvisingadiwi nevavanomirira. Izvi zvinokoshesa kuzvidavirira kuvanhu;Kana nhengo yaita zvakaipa kana kutyora mutemo inogona kushandwa nematare edzimhosva;
- ☺ Vanhu havazomiriri sarudzo inozotevera kuti vagozobvisa mumiriri anehuori kana kuti asingagoni basa.

**ZVAKAIPEI?**

- ☹ Zvinogona kubvonyongora zvinhu huye zvinodhura;
- ☹ Kana nhengo yaita zvakaipa kana kutyora mutemo inogona kushandwa nematare edzimhosva;
- ☹ Kana nguva iripakati pesarudzo isina kurebesa, zvirinani kumirira sarudzo inenge ichizotevera.

***(h) Kureba kwenguva ye Paramende:***

Munyika zhinji sarudzo dzinoitwa mushure mamakore mana kana mashanu. Izvi zvinopa nhengo dze Paramende mukana wekujairira maitirwo ebasa ravo nokuva vanorigona vasati vadzokerazve kuvasarudzi. Munedzimwe nyika sarudzo dzinoitwa mushure memakore maviri chete (seku America muimba yevamiriri).

**CHAKANAKIRA NGUVA PFUPI:**

Nhengo dzeParamende dzinotofanira kuzvidavirira zvakakwana nokuti nguva dzose vanenge vachifunga nezvekusarudzwa zvekare, saka vanoteerera vavhoti nokuvazivisa zvirikuitika.

**ZVAKAIPIRA NGUVA PFUPI:**

- ☒ Sarudzo dzinodaidza mari yakawanda, saka kana dzikaitwa mushure menguva pfupi-pfupi zvingangodhurira nyika;
- ☒ Sarudzo dzinouya nechimbi-chimbi hadzipi nhengo dze Paramende nguva yakakwana kuti vanatsonzwisisa kuti Paramende inomboshanda sei vasati vodzokerazve kusarudzo.

***(i) Kuongororwa kwevarikutonga kunoitwa neParamende:***

Paramende inofanira kupiwa masimba ekumanikidza President kana Prime Minister kuregera basa. Kana ari Prime Minister, anofanira kunge ainerutsigiro kubva kuParamende kuti achengete basa rake, saka panenge pasina nyaya inganetsa. Kana achinge ari President akasarudzwa pachake oga panofanira kuve neimwe nzira ingashandiswe neParamende kubvisa President pabasa. Zvingaitwa kubudikidza nekuvhota kwe chikamu chakati chenhengo dze Paramende (zvimwe zvikamu zviviri kubva muzvikamu zvitatu 2/3). Parizvino ndizvo zvinotaura bumbiro remitemo riripo.



**Tingasarudza kubva pane zvinoti:**

- » Anofanira kubvunza makorokota ake ecabinet asi ozotaura kuti zvoitwa ndezvipi;
- » Makorokota e cabinet anofanira kupa mvumo yawo kune zvose zvaanoita;
- » Mune zvimwe, anofanira kutsvaka mvumo yecabinet, asi mune zvimwe anofanira chete kuzivisa makorokota e cabinet.

**ZVAKANAKIRA KUPIWA MVUMO NE CABINET:**

- ☺ Zvinoita kuti masimba emukuru wevatongi asashandiswe zvisina tsarukano;
- ☺ Izvi zvinodzivisa kuti mukuru asazove mbimbindoga, anoita zvinhu oga.

**TIRANGARIRE KUTI:** Dambudziko iri harinyanye kuonekwa panenge paina Prime Minister nokuti anofanira kuva nokutenderana nebato rake maererano nezvinangwa kana zvisungo zvake. Zvikasadaro ndivo vangamubvise mumasimba. Zvinonetsa kuziva kana mukuru wevanotonga akwanisa kuwana mvumo kubva kumakorokota ake sezvo misangano yemakorokota ichiwanzoitirwa muchivande.

***(e) Masimba ekudoma vanhu mumabasa:***

Parizvino President ane masimba ekudoma vanhu nokuvapa mabasa muhurumende akadai savatongi vematare edzimhosva, vamiriri venyika ino kune dzimwe nyika, kana vanyori vakuru vemabazi ehurumende, dzimwe nhengo dze Paramende neSineti, magavhuna, navanotungamirira makambani enyika.

**IZVI ZVINAMANETSWA API?**

- ☹ President angangoshandisa zvinzvimbo izvi semikana yekuwana rutsigiro nekushandisa chizivano kana huori asingadomi vanhu vakafanira mabasa iwayo.
- ☹ Vashandi vehurumende vanotoziva kuti mabasa avo anobvamukuda kwa President, saka vanenge nguva dzese vachitya kurasikirwa nawo kana vakasamufadza. Izvi zvakakosha kana zvakanangana nevatongi vematare edzimhosva vanofanirao kuongorora masimba evanotungamirira nyika.
- ☹ Hapana anonatsoziva kuti kudoma uku kunoitwa sei, kana kuti ndevapi vamwe vakambofungwa nezvavo mukudoma uku.

**IZVI ZVAKANAKIRA PAPI?**

Vashandi venyika vanotevedza zvinangwa zvavanotonga saka kuita zvinodiwa hakuzonetsi kana kuti kunoita nyore.

**Anofanira kuva nechokuita nekudoma ikoku ndiani?** Munyika zhinji vatungamiriri venyika kana kuti President ndivo vanoita kudoma uku, asi mune dzimwe kunenge kuinevamweo vanenge vaine chokuita nazvo zvokuti mukuru wenyika kana President haangozviiti ega.

- *Kudoma nokugashira vamiriri venyika ino kunedzimwe nyika nevakamirira dzimwe nyika muno, pamwe nekuita zvisungo nedzimwe nyika kana zvimwe zvikwata;*
- *Kudaidzira kuvhotera kutambirwa kana kurambwa kwebumbiro remitemo;*
- *Kutumira mauto enyika ino kuhondo kunze kwenyika.*

*Zvimwe zvese anokwanisa chete kuzviita kana atanga abvunza kana kubvumirwa ne makorokota e cabinet.*

*Simba ra President rokushambadza kuti zvinhu hazvina kumira zvakanaka munyika zvakangofana nezvazviri mubumbiro riripo iyezvino, asi chiziviso ichocho chinoshanda kwemwedzi mitatu chete, kwete mitanhatu sezvazviri iyezvino chozovandudzwa. President anofanira kupiwa mvumo ne Paramende mukati memazuva gumi nemana.*

**(c) Kuva pasi pemutemo kana kuutyora madiro:**

Maererano nebumbiro remitemo riripo iyezvino, President haasi pasi pemutemo mune zvaanoita achiri mubasa rake. Izvi zvinoreva kuti haakwanisi kuendeswa kumatare edzimhosva kana kutongeswa nemunhu angada kumuripisa akanganisirwa.

Chidimu chemutemo ichi chinofanira kubviswa kuti mukuru wevatongi, kana ari President kana Prime Minister, ave pasi pemutemo achikwanisa kuendeswa kumatare edzimhosva nekurangwa kana achinge atyora mutemo.

**ZVAKASHATA PAKUVA PAMUSORO PEMUTEMO:**

- ☒ President anoiswa pamusoro pemutemo, izvi zvinokanganisa nyaya yose yekuti vanhu vese vakaenzana pamberi pemutemo huye vose vanodzivirirwa nemutemo. Izvi zvinotyora kutonga maererano nemutemo;
- ☒ President anenge atyora mutemo anoshandisa nzira dzese, kubatanidza nekutyora mutemo, kuti arambe ari mumasimba kuti apunyuke kubva mukurangirwa mhosva dzake;
- ☒ Tsika yeumhondi neyekutyora mutemo pamadiro inobva yakura nokuenderera nokuti President achadzivirirao vatsigiri vake kuti vasarangwe.

**ZVINOBATSIRA KUITA MADIRO NEZVEMUTEMO:**

Hapana zvazvinobatsira zvingaonekwa. Zvinongotaridza rukudzo kumutungamiriri anenge achifanira kuzvidavirira kuvanhu muzviito zvake.

***(d) Masimba ekuti zvoitwa ndezvipi:***

Tinoda here kuti mukuru wevatongi aite zvinhu ega, kana kuti aite zvinhu zvichibva mukubvumirana nemakorokota ecabinet?



**ZVAKANAKA PAKUDII?**

- ✓ Anotungamirira vatongi asingashandisi masimba ake zvakanaka anokwanisa kubviswa pachigaro asati aparadza nyika;
- ✓ Mutungamiriri wenyika achafanira kungwarira kuti achengetedze nekuremekedza bumbiro remitemo.

Asi izvi zvingangoshanda chete kana mubumbiro muine zvimwe zvinoita kuti masimba avatongi ashandiswe zvakanaka.

**4. MASIMBA EKUTONGA A PRESIDENT, PRIME MINISTER KANA MAKOROKOTA EMU CABINET:**

Zimbabwe yaedza kushanda na Prime Minister na President. Kubva gore ra 1988 paina President anemasimba akawedzerwa, vatongi vakwanisa kuzvitorera masimba akawandisa vachidzikisira masimba eParamende pamwe nekudzikisira utongi hwejekerere.

Basa redu mukunyora bumbiro idzva rezvemitemo nderokugadzirira mutongi anemasimba akakwana ekuita basa rake zvakanaka, asi achizvidavirira kuvanhu, uye asingakwanisi kukurira Paramende neve matare edzimhosva.

***(a) Toshandisa nzira ipi – President kana kuti Prime Minister?***

Tisati tasarudza, zvakakosha kuziva musiyano wenzira mbiri idzi.

**1. Prime Minister kana kuti mutangamiriri wehurumende:**

Nenzira iyi, mutungamiriri webato rine zvigaro zvakawandisisa muParamende anobva aita musoro wevatongi osarudza makorokota ake (Cabinet Ministers) kubva muParamende. Iye anenge akasarudzwa chete nedunhu rake raanomirira.

Panozova ne mukuru we nyika anenge zvake ari chipameso asina masimba akawanda. (Izvi ndizvo zvatakanga tinazvo mu Zimbabwe kusvika 1987 apo va Mugabe vaiva Prime Minister, va Banana vari President. Va Mugabe vakanga vasina kusarudzwa navanhu vose, asi vakanga vakamirira dunhu re Highfields. Asi nokuti ZanuPF yakawana zvigaro zvakawanda mu Paramende ivo va Mugabe vari mutungamiri we ZanuPF vakabva vaita Prime Minister).

**ZVAKANAKA PAZVIRI:**

- ☺ Mukuru kana kuti musoro wevanotonga anototemba netsigiro inopiwa dzimwe nhengo dze Paramende dziri mu bato rake saka anokwanisa kusiiswa basa nebato rake kubudikidza nekuvhota;
- ☺ Nekuti mukuru we vanotonga anenge asina kusarudzwa navanhu vese vemunyika anenge asina masimba ekuzvimirira ega saka haanetsi kumuita kuti aite zvakanaka.

**ZVINGANETSA PAKUDII?**

☹ Mutungamiriri wevanotonga anenge arichikamu cheParamende saka anenge achikwanisa kushandisa Paramende nyore-nyore.

**2. President – mutungamiriri we nyika anenge aine masimba akawedzerwa:**

- Anenge akasarudzwa navanhu vese munyika, kana kuti neParamende (sezvinoitika ku South Africa).
- Ndiye anodoma makorokota emu cabinet- **dzimwe nguva:**
  - (a) kubva munhengo dze Paramende (sezva kaita zvino mu Zimbabwe; **kana kuti**
  - (b) kubva kunze kwe Paramende (seku America). President anokwanisa kudoma chero waanoda kuti ave Gorokota re cabinet.

**ZVAKANAKIRA KUTI MAKOROKOTA ABVE MUNHENGO DZE PARAMENDE:**

✓ Makorokota vanenge vari vanhu vakasarudzwa nevavhoti saka vanofanira kuzvidavirira kuvanhu;

✓ Nokuti vakasarudzwa, havanyengereri zvakanyanya mukuru we vatongi; dzimwe nguva vangatogona kudzikisa masimba ake zvinemwero.

**ZVAKASHATA PAKUDII?**

Makorokota e cabinet anogarao muParamende saka vanokwanisa kuita zvechikuriri zvinova zvinodzikisira Paramende zvoita kuti itadze kunatsoongorora kushandiswa kwemasimba avo.

**ZVAKANAKIRA KUTI MAKOROKOTA ABVE KUNZE KWE PARAMENDE:**

☺ Paramende ne makorokota ecabinet zvinenge zvakaparadzana zvachose;

☺ Vanotonga vanotonyengerera kana kukurudzira nhengo dze Paramende kuti dzifambise mitemo yavanoda huye vanotonga havanatsi kukwanisa kushandisa masimba avo nenzira dzisina kufanira kubudikidza nekuisa mitemo isingafarirwi navanhu;

☺ Saka Paramende inogona kuva nemukana wekuongorora mashandisirwo emasimba nevanotonga.

**ZVINGANGONETSA NENZIRA IYI:**

☹ Makorokota ecabinet anenge asina kusarudzwa nevanhu saka vangangosada kuzvidavirira kuvanhu;

☹ Vanenge vakamira zvachose pakuda kwa President saka vanenge vasingakwanisi kudzikisa kusashandiswa kwemasimba ake zvakanaka.



***(b) Nguva yekunge mutongi achitonga:***

1. **Kureba kwenguva yekutonga:** President angatonga kwemakore mana, mashanu kana matanhatu.

2. **Angatonga kangani:** Kana ari Prime Minister, hazvina mhosva kuti angatonga kangani sezvo izvi zvichibva mukuti bato rake rakunda here huye kangani musarudzo.Mabumbiro emitemo mazhinji a President ane masimba akawedzerwa anopa mukana wekutonga kaviri chete seku South Africa).

**ZVAKASHATEI IZVI?**

▪ Munhu anogara mumasimba kwenguva yakarebesa anopedzisira ozvikudza nekushandisa masimba zvisizvo. Izvi ndizvo zvakaitika munyika dzakawanda.

▪ Kana vemapato anopikisa vasina mukana wekutora masimba vanopedzisira voshandisa nzira dzisiri mubumbiro remitemo kuti vatore masimba (mucherechedzo ndewe mauto achitora masimba zvechisimba).

**TIZIVE KUTI:** Kutonga kechitatu yava nyaya yatonetsa chose munyika dze Africa. Panoedza ma President kuramba vari mumasimba kuti vatonge kechitatu zvinowanzoonekwa sekuedza kunzvenga mhosva dzvavanenge vakapara vachirikutonga.

***ZVIRI MU KARIBA DRAFT MAERERANO NEZVA PRESIDENT:***

*Kuchava naPresident anemasimba akanyanya saiyezvino achisarudzwa nenyika yose. President achatungamirira nyika kwemakore mashanu kaviri, asi kutonga kwakaitwa mutemo iwoyo usati watanga kushanda hakuzoverengwi, saka Va Mugabe vanenge vachikodzera kuenderera sa President kwemakore mamwe gumi.*

*Kuchange kuine vatevedzeri vaPresident vaviri vanodomwa naPresident sazvino huye vachabata masimba sokuda kwa President. Vachabata basa munzvimbo ya President kana asipo, huye kana zvikaitika kuti afa kana kuti haachakwanisi kuita basa rake mumwe wavo achatonga kwemazuva anosvika makumi mapfumbamwe (90), mushure maizvozvo nhengo dzeParamende dziri pamwechete dzichasarudza President achabata masimba kusvikira chidimu chenguva chasara chapera*

*President achange aine masimba akawandisa. Kubva mukuda kwake, (asingabvunzi mumwe munhu) President achagona kuita zvinotevera:*

- *Kuparadzira kana kumisa Paramende;*
- *Kudoma kana kubvisa pazvigaro vatevedzeri vake, makorokota navatevedzeri vavavo nokuvapa mabasa ekuita;*
- *Kudoma vamwe vashandi vehurumende;*